



DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH
EXTENDED LEARNING AND EARLY CHILDHOOD EDUCATION
Pwogram Gadri Apre Lekòl ak Enskripsyon nan Pwolongasyon VPK

Chwazi youn:

- Enskripsyon Elèv Regilye
 Jou Kan Sèlman
 Pwogram Granvakans/21st CCLC
 Enskripsyon nan Kan Granvakans

Pwogram Gadri Apre Lekòl**Pwogram:**

- Aplantan
 A Tan Pasyèl
 A.M.
 21st CCLC

- Gadri Apre Lekòl nan Lekòl Mwayen
 Adolesan XS
 Adolesan S
 Adolesan M
 Adolesan L

Gwosè Mayo:

- Adolesan XL
 Adolesan S
 Adolesan M
 Adolesan L
 Adilt XL
 Adilt 2X
 Adilt 3X

Pwolongasyon VPK**Chwazi youn:**

- 2:00 PM-4:00 PM
 2:00 PM-6:00 PM

Genyen yon frè \$35 non ranbousab pou peye pou chak elèv nan moman enskripsyon regilye a. Frè enskripsyon nan Kan Granvakans yo varye selon pwogram nan. Ranpli TOUT ZÒN nan toude bò fòm sa a. Pa kite okenn zòn san repons. Nou dwe ranpli yon fòm enskripsyon CHAK ANE pou chak elèv.

# ID Elèv la	Prenon Elèv la	Dezyèm Non	Siyati	Sifiks	Ansyen Non Elèv la oswa AKA (si l aplikab)
--------------	----------------	------------	--------	--------	--

Adrès Lokal Elèv la (# Kay, non ri, # apatman)	Vil	Eta	Kòd Postal
--	-----	-----	------------

Sèks	Klas I ap Fè	Laj	Dat Nesans	Non Lekòl la
------	--------------	-----	------------	--------------

Ak kimoun elèv la ap viv? Paran Responsab Grandparan Fwaye Adopsyon Fwaye Kolektif Lèt _____
 Non dènye lekòl li te ale nan Rejyon Palm Beach

Èske yo pale yon lòt lang lakay la ki pa Anglè? Wi Non (*Presize ki lang*) _____

Èske elèv la genyen yon premye lang ki pa Anglè? Wi Non (*Presize ki lang*) _____

Èske elèv la genyen frè/sè ki enskri nan lekòl nan Rejyon Palm Beach? Wi Non Si wi, bay non, klas, ak lekòl yo frekante.
 If yes, provide the names, grades, and school they attend.

ENFOMASYON SOU PARAN/RESPONSAB

Paran oswa Responsab	Adres Imer (opsyonèl)
----------------------	-----------------------

Adrès si li pa menm ak pa elèv la (# Kay, non ri, # apatman, vil, eta, kòd postal)
--

Kote w ap Travay	Nimewo Telefòn Travay (Opsyonèl)
------------------	----------------------------------

Nimewo Telefòn Lakay ou	Nimewo Selilè	Aksepte tèks mesaj? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
-------------------------	---------------	---

Paran oswa Responsab	Adrès Imèl (opsyonèl)
----------------------	-----------------------

Adrès si li pa menm ak pa elèv la (# Kay, non ri, # apatman, vil, eta, kòd postal)
--

Kote w ap Travay	Nimewo Telefòn Travay (Opsyonèl)
------------------	----------------------------------

Nimewo Telefòn Lakay ou	Nimewo Selilè	Aksepte mesaj tèks? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
-------------------------	---------------	---

NOU DWE REPONN KESYON A-D KI ANBA LA

- A. Èske genyen yon desizyon tribinal ki anpeche nenpòt nan paran yo pou l retire elèv la nan lekòl? Wi Non
- B. Èske paran yo pataje (oswa reyini) dwa parantal ak responsablite yo? Wi Non
- C. Èske youn nan paran yo genyen otorite pou pran desizyon final sou chwa akademik pou elèv la? Wi Non
- D. Èske genyen yon Entèdiksyon Tanporè, Entèdiksyon Pèmanan pou pa pwoche, Lòd pou pa pran kontak, oswa lòt desizyon tribinal ki redui oswa ki kapab anpeche moun gen kontak ak elèv la, enkli yon paran/responsab? Wi Non

Tanpri, bay pwogram apre lekòl la yon kopi NENPÒT desizyon tribinal ki aplikab

ENFOMASYON POU KA IJANS - Bay non moun, apa paran/responsab yo, ki kapab vin chèche timoun nan lekòl.

Bay yon modpas ou pral itilize lè w ap vin chèche timoun nan lekòl. Limite modpas la ak 10 lèt/senbòl oswa mwens.

--	--	--	--	--	--	--	--	--

Enskripsyon nan Pwogram Gadri Aprè Lekòl, suit	# ID Elèv la	Non Legal Elèv la - Prenon	Dezyèm non	Siyati
---	--------------	----------------------------	------------	--------

ENFÒMASYON SOU SANTE AK EDIKASYON

Asirans sante elèv la (tcheke tout sa ki aplikab) <input type="checkbox"/> Medicaid <input type="checkbox"/> Healthy Kids/Kid Care <input type="checkbox"/> Prive <input type="checkbox"/> Okenn	
Non Doktè a:	# telefòn Doktè a:
Èske elèv la genyen alèji? si wi, dekri anba la a si wi ou non sa mete lavi li andanje. <input type="checkbox"/> N/A	
Ekri pwoblèm sante, pwoblèm konpòtman, oswa limitasyon fizik. <input type="checkbox"/> N/A	Ekri tout medikaman elèv la ap pran lakay li ak nan lekòl (endike lakay oswa lekòl). Doktè dwe bay fòm otorizasyon pou medikaman y ap bay elèv la nan lekòl. (Paran/responsab la dwe prezante fòm otorizasyon doktè pou medikaman elèv la ap pran nan lekòl la) <input type="checkbox"/> N/A

Èske elèv la genyen yon Plan Edikasyon Endividyè (IEP) oswa 504? Wi Non (Si wi, tanpri bay pwogram gadri aprè lekòl la yopi plan an.)

LI SA KI ANBA LA AK ATANSYON. TCHEKE BWAT YO KI GEN DEKLARASYON KI APROPRIYE YO EPI SIYEN ANBA A.

Konsantman parantal pou yo pibliye foto ak enfòmasyon elèv. Nan dokiman sa a, mwen bay pèmision pou lekòl la oswa Distri a itilize foto pitit mwen, imaj videyo, atik, anrejistreman vwa, non, klas, non lekòl, patisipasyon nan aktivite ak espò ki rekonèt ofisyèlman, pwa ak wotè manm ekip athlèt, dat yo te nan lekòl la, diplòm ak pri yo resevwa, dat ak kote yo te fèt, ak lekòl ki pi resan yo te frekante, nan albòm pwomosyon, pwogram gradyasyon, afich teyat, pwodiksyon lekòl yo, sit entènèt, sit medya sosyal, eltr., ak/oswa piblikasyon lekòl oswa Distri a patwone oswa nan entèvyou ak piblikasyon, atik, ak foto laprès lekòl la oswa Distri a apwouve. Mwen bay pèmision tou pou lekòl la oswa distri pataje avèk medya ak antite gouvènman, non pitit mwen, klas, non lekòl ak onè li te resevwa pou yo pibliye sa li te akonpli. **Mwen konprann si mwen pa tcheke bwat ki endike mwen bay pèmision an**, non pitit mwen an ak foto li p ap kapab parèt, ni yo p ap enkli nan okenn piblikasyon oswa prezantasyon, ni menm nan albòm pwomosyon an.

Mwen bay pèmision Mwen pa bay pèmision

Avi pou pataje dosye medikal: Dosye oswa enfòmasyon medikal pitit ou lekòl la te resevwa se dosye elèv ki tonbe anba kondisyon *FERPA, 20 U.S.C.A. 1232g*. An konsekans, yo kapab pataje enfòmasyon sa a san konsantman alekri paran/responsab la jan *FERPA* otorize li, sa enkli si se yon pwofesè oswa lòt ofisyèl lekòl la, ki genyen yon enterè edikatif lejitim, oswa si se avèk yon enstitisyon ki apwopriye, epi sa nesèsè pou pwoteje sante oswa sekirite elèv yo oswa lòt moun.

Verifikasyon Enskripsyon Elèv la. Enskripsyon an pa valid san yon siyati ki verifie l ak dat la. Siyati mwen endike mwen dakò pou m aksepte règleman ak pwosedi Pwogram Gadri Aprè Lekòl tabli (gade nan manyèl Gadri Aprè Lekòl la.)

Avi sou Règleman sou Izaj Teknoloji ki Akseptab Pou Elèv yo: pitit ou kapab genyen aksè lekòl la pou plizyè aktivite ki genyen rapò avèk zafè lekòl nan sèten resous teknoloji Distri a, ki enkli entènèt ak entranèt Distri a. Aksè pitit ou a genyen nan entènèt la filtre pou respekte Lwa sou Pwoteksyon Timoun ak Règleman Komite Dirijan Lekòl la, atik 8.125 (Children's Internet Protection Act and School Board Policy 8.125.) Y ap mande pou pitit ou a suiv nòm izaj akseptab ak enstriksyon ki endike nan Règleman 8.123, Manyèl nou site a, ak Avi sou Kondisyon pou Elèv Itilize Teknoloji Distri a, epi respekte tèm yo. Nivo konfidansyalite a rive sèlman nan limit lalwa mande l nan sa ki genyen rapò avèk izaj yon elèv ap fè avèk resous teknoloji sa yo. Avan pitit ou itilize resous Distri sa yo, li pral li, y ap li pou li, ak/oswa y ap eksplike dokiman sa yo epi l ap rekonèt elektwonikman li konprann epi li dakò pou l suiv yo.

N ap envite w li Règleman sa a, Manyèl ak Avi a. Si ou bezwen èd pou li dokiman yo, ou kapab mande lekòl la pou l ede w. Règleman an disponib nan: <https://go.boarddocs.com/fl.palmbeach/Board.nsf/Public#anba> Chapit 8 -- Règleman 8.123.

Sou pèn fo temwayaj, Mwen deklare mwen te li fòm sa a epi fè ki mansyone ladan yo vrè epi egzak. Atik Lwa Florid Seksyon 92.525 (3) prevwa nenpòt moun ki ta fè yon fo deklarasyon sou pèn fo temwayaj, koupab pou yon krim twazyèm degre.

Lè mwen siyen anba la a, mwen konprann epi mwen dakò pou m kontakte lekòl pitit mwen imedyatman pou m enfòm yo sou nenpòt chanjman nan enfòmasyon kontak mwen, enkli non, adrès, nimewo telefòn lakay oswa selilè, oswa adrès imèl. Si mwen te dakò pou m aksepte mesaj tèks nan selilè mwen, mwen konprann m kapab genyen pou peye frè konpayi founisè a kapab chaje. Mwen dakò pou m ranbouse nenpòt frè, amann, depans oswa lòt domaj Distri a ta sibi akòz mwen pa t mete enfòmasyon kontak mwen ajou. Anplis, nan dokiman sa a, mwen bay konsantman mwen pou m resevwa apèl otomatik ak/oswa ki preanrejistre, ki soti nan distri a oswa ki fèt sou non li, nan nimewo telefòn mwen te ekri nan paj 1 an, enkli telefòn san fil mwen si sa aplikab.

ENSKRIPSYON AN PA VALID SAN SIYATI AK DAT.

Siyati Paran/Responsab (amwenske elèv la endepandan)

Dat

FOR AFTERSCHOOL PERSONNEL USE ONLY

Teacher's Name _____ Enrollment Date

Registration Payment Type Cash Check Check # or Money Order _____ Entered in EZ-Care2 _____